

## Aprann konnen fanmi ak timoun yo



**Tabli bon jan relasyon konfyans ak pwodiktif avèk fanmi ak timoun yo kòmanse nan aprann konnen bezwen yo ak objektif yo.** Envite fanmi pataje sa ki enpòtan pou yo ap ede oumenm ak estaf ou kreye koneksyon dinamik, avèk respè, ak bon reyaksyon avèk fanmi, epi prepare chemen pou transparans ak desizyon ki konsidere opinyon yo pandan tout ane a.

**Pi bon pratik pou timoun piti gen tou pratik ki konsidere chòk.** Kòm yon edikatè timoun piti, ou byen plase pou bay anviwònman ak relasyon ki gen reyaksyon, k ap pran swen, ak previzib ki ka bese estrès ak chòk dapre prèv rechèch. Lè ou bay yon "Kesyonè Kòmansman Ane pou Fanmi", w ap santre fanmi, kominote, ak byennèt sosyal-emosyonèl nan kòmansman ane lekòl la. Lè w entegre sa ou aprann nan kesyonè sa a nan pratik chak jou, ou ka diminye estrès pou estaf, fanmi, ak timoun yo, epi sa ap kontribye nan yon fondasyon solid pou siksè akademik.



### Pratik ki pote pwomès lè w bay yon "Kesyonè Kòmanse Ane pou Fanmi "

- ❑ Devlope yon "Kesyonè Kòmansman Ane pou Fanmi" ki kaptire preferans fanmi, bezwen yo, ak objektif yo genyen pou pitit yo nan pwogram ou an (gade yon Egzanp Kesyonè nan pwochen paj la).
- ❑ Mete tan pandan ete a oswa nan kòmansman ane lekòl la pou fanmi ranpli kesyonè a pandan reyinyon endividyèl avèk yon pwofesè oswa yon travayè fanmi.
- ❑ Asire estaf sèvi avèk Kesyonè a kòm baz pou konvèsasyon avèk fanmi, olye yon entèvyou. Pou patnè avèk fanmi nan konvèsasyon sa a, konsidere bagay sa yo:
  - ❑ Pataje rezon pou kolekte enfòmasyon sa yo nan men fanmi yo
  - ❑ Kolekte enfòmasyon yo nan yon fason sansib ak respè
  - ❑ Respekte fanmi ki pa vle reponn tout kesyon yo
- ❑ Planifye pou bay akomodasyon pou fanmi ki pa ka ranpli Kesyonè a an Anglè. Egzanp Kesyonè nan lòt lang disponib nan [paj Infohub Bati relasyon fanmy-kominote](#), anba resous anplis.

## Enfòmasyon enpòtan pou mete nan yon Kesyonè

| ENFÒMASYON TIMOUN LAN  | ENFÒMASYON SOU FANMI  |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>→ Kijan pitit ou a prefere yo rele l</li> <li>→ Fòs timoun lan ak sa ki enterese l</li> <li>→ Kisa elèv la prefere (e.g., jwèt, aktivite li pi renmen) ak bagay li pa renmen</li> <li>→ Enfòmasyon sou ki jan timoun lan konpòte l lè paran/responsab li kite l yon konte</li> <li>→ Nenpòt zòn kote timoun lan ka bezwen asistans (pa egzanzp, ladrès langaj / kominikasyon, twalèt)</li> <li>→ Nenpòt alèji, medikaman, opresyon, oswa lòt bezwen fizik</li> <li>→ Nenpòt enfòmasyon sou bezwen aprantisaj timoun lan oswa difikilte</li> <li>→ Nenpòt lòt enfòmasyon sou timoun lan ki ta itil pou yon edikatè konnen</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>→ Non ak enfòmasyon pou kontakte tout paran / responsab</li> <li>→ Lang yo pale lakay yo</li> <li>→ Lang prefere pou kominikasyon oral ak ekri</li> <br/> <li>→ Metòd kominikasyon prefere (pa egzanzp, telefòn, tèks, imèl, lèt lakay, etc.)</li> <li>→ Orè jeneral ak disponiblite paran / responsab timoun lan pou yo vini nan lokal la oswa kominike yon fason vityèl</li> <li>→ Espwa ak aspirasyon fanmi an gen pou pitit yo pandan pre-K ak pi lwen</li> <li>→ Nenpòt ladrès, koutim, oswa objè kiltirèl manm fanmi yo ta renmen pataje avèk klas la</li> <li>→ Nenpòt lòt enfòmasyon sou fanmi an ki ta itil pou yon edikatè konnen</li> </ul> |

### Resous

Yon echantiyon "Kesyonè Kòmansman Ane pou Fanmi " nan paj kap vini an. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl bay Division of Early Childhood Education's Family Empowerment & Community Partnerships Team nan [FECF@schools.nyc.gov](mailto:FECF@schools.nyc.gov).

## Kesyonè pou kòmansman ane lekòl la pou fanmi

Chè fanmi:

Mèsi dèske ou pran tan pou ranpli fòm sa a. Enfòmasyon ou ba nou sou fòm sa a ap ede nou bay oumenm ak pitit ou a pi bon sèvis ane sa a. Pa ezite sote nenpòt kesyon ou pa santi ou vle reponn, men n ap raple w ke **enfòmasyon ou ba nou ap rete konfidansyèl**, epi se sèlman pwofesè pitit ou a n ap kite wè yo ak lòt pèsonèl lekòl la ki oblije wè yo pou yo kapab amelyore eksperyans aprantisaj pitit ou a ak eksperyans pa ou kòm yon kolaboratè nan edikasyon pitit ou. N ap atann pou nou kontinye kolabore pandan tout ane a, epi nou ankouraje w pou kontakte nou si w gen lòt kesyon, opinyon oswa pwoblèm.

### **PREMYE PATI: OSIJÈ PITIT OU A**

1. Ki non pitit ou a?
2. Ki siyati pitit ou a?
3. Kijan pitit ou a *prefere* yo rele l?
4. Ki kèk bagay ou renmen anpil nan pitit ou a?
5. Ki kèk bagay pitit ou a bon ladan oswa pi renmen fè (paegzanp: desine, li istwa, jwet fè sanblan, jwe deyò)?
6. Eske pitit ou a gen yon jwèt oswa yon nounous li pi renmen?
7. Eske pitit ou a gen bagay li pa renmen ke nou ta sipoze konnen (pa egzanp: fè syès, manje espesifik)?

8. Tanpri dekri nenpòt pwoblèm fizik, emosyonèl, konpòtman oswa pwoblèm aprantisaj pitit ou a ka genyen ke ou panse nou ta sipoze okouran pou nou ka ede li pandan ane a:

9. Nan ki lang pitit ou a kominike san pwoblèm?

10. Eske pitit ou a ap bezwen èd nan bagay sa yo: Tcheke tout bagay kote li bezwen èd.

Ale nan twalèt

Mete rad sou li

Fè syès

Manje

Pa ezite eksplike repons ou yo nan espas pi ba a:

11. Eske pitit ou a fè alèji avèk yon bagay (alèji avèk manje ladan) ke nou ta sipoze konnen? Tcheke “Wi” oswa Non.”

Wi

Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

Non

12. Èske yo te janm dyagnostike pitit ou a avèk yon nebulizer (machin ponp pou opresyon)? Tcheke “Wi” oswa Non.”

Wi

Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

Non

13. Eske pitit ou a gen lòt kondisyon medikal ke nou ta sipoze konnen? Tcheke “Wi” oswa Non.”

Wi

Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

Non

14. Eske pitit ou a ap pran medikaman kounye a? Tcheke “Wi” oswa Non.”

Wi

Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

Non

15. Eske pitit ou a te nan yon anviwònman fòmèl kote yo gade timoun? Tcheke “Wi” oswa Non.”

Wi

Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

Non

16. Kòman w panse pitit ou a pral jere tranzisyon nan pre-K a? Tcheke tout sa w panse.

- Pitit mwen an kontan anpil ke li prale nan pre-k.
- Pitit mwen an gen anpil pwoblèm “lè moun ale kite l.”
- Se premye fwa pitit mwen p ap lakay li pandan yon jounen long.
- Tranzisyon sa a ap di pou pitit mwen an.

Pa ezite eksplike repons ou yo nan espas pi ba a:

17. Tanpri fè nou konnen nenpòt lòt bagay sou pitit ou a ki ka ede nou pran swen li yon fason efikas:

**DEZYÈM PATI: Osijè oumenm ak fanmi pitit ou a:**

18. Nan espas pi ba a, tanpri mete non, siyati, # telefòn ak adrès imèl paran/responsab pitit ou a (**ou ladan tou**):

**Non:**

**Siyati:**

**Rapò w avèk timoun lan:**

**Ou abite avèk timoun lan?** (Ekri “Wi” oswa “Non”)

**# Telefòn:**

**Adrès imèl:**

**Non:**

**Siyati:**

**Rapò w avèk timoun lan:**

**Ou abite avèk timoun lan?** (Ekri “Wi” oswa “Non”)

**# Telefòn:**

**Adrès imèl:**

19. Si nou bezwen kontakte w, kijan ou prefere nou fè sa? Tcheke tout fason ou prefere.

- Telefòn
- Tèks
- Imèl
- Voye lèt lakay la

20. Nan kilè nan jounen an ou ta prefere nou kontakte w? Tcheke tout lè ou prefere.

- Maten (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Apremidi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Aswè (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )

21. Eske gen jou nan semèn lan oswa lè nan jounen an kote ou disponib pou patisipe nan yon aktivite klas la? Tcheke tout lè ou prefere.

- Lendi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Madi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Mèkredi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Jedi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Vandredi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Samdi (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )
- Dimanch (Mete lè espesifik: \_\_\_\_\_ )

22. Ki lang nou pale lakay nou?

23. Nan ki lang ou ta renmen lekòl la kominike avèk ou alekri?

24. Nan ki lang ou ta renmen nou pale avèk ou?

25. Konbyen frè ak sè pitit ou a genyen? Ki laj yo?

26. Kisa ou santi ki pi enpòtan pou pitit ou a aprann ane sa a nan pre-k?

27. Kisa ou ta renmen pou pitit ou a pou ni ane sa a ni lavi li?

28. Ki kapasite, tradisyon, koutim oswa objè kiltirèl ou ta renmen nou pataje avèk klas nou an ane sa a?  
Y ap itilize repons yo pou planifye ki kalite aktivite fanmi yo pral òganize pandan ane a.

- Talan mizikal/atistik
- Istwa osijè istwa fanmi w
- Bagay fanmi an pi renmen ak istwa bagay sa a
- Manje ak resèt
- Jwèt nou pi renmen
- Chanson
- Foto, enfòmasyon, oswa yon bagay kiltirèl ki soti nan peyi orijin fanmi w
- Enfòmasyon sou djòb ou
- Istwa oswa foto avanti fanmi an fè
- Ekspresyon komik nan lang natifnatal ou
- Lòt (tanpri dekri nan espas pi ba a):

29. Èske gen jou ferye oswa tradisyon enpòtan pou fanmi w? Tcheke “Wi” oswa Non.”

- Wi  
Si w reponn "wi", tanpri eksplike:

- Non

30. Eske gen nenpòt lòt bagay osijè fanmi w ke w ta renmen nou konnen pou nou kapab ba pitit ou a sèvis yon fason efektif.

Mèsi poutèt ou ede nou aprann plis sou fanmi w!